

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Istilah metode asalna téh tina kecap *methodos*, basa Latén, sedengkeun *methodos* asalna tina akar kecap *meta* jeung *hodos*. Nu hartina, stratégi pikeun maham réalitas. Léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab akibat (kausalitas) (Ratna, 2004:34). Metode téh miboga fungsi ngabasajankeun masalah dina panalungtikan nepi ka babari dipaham jeung diungkulanana. Saéstuna, metode téh mangrupa léngkah-léngkah pikeun ngahontal udagan dina nyangking kagemblengan hasil panalungtikan. Udagan ieu panalungtikan nya éta ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun indikator-indikator sarta bukti dekontruksi dina carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna. Ku kituna, metode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *metode déskriptif analisis*. *Metode déskriptif analisis* mangrupa salasahiji métode dina panalungtikan *kualitatif*. *Metode déskriptif analisis* dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusul ku analisis (Ratna, 2004:53). Ieu metode téh miboga maksud pikeun ngumpulkeun informasi (Arikunto, 2010:203). Salian ti éta, *metode déskriptif analisis* bisa ogé dipaké pikeun léngkah-léngkah dina ngungkulan pasualan dina panalungtikan *kualitatif* ku cara ngumpulkeun data, nyieun papasingan, nyurahan jeung nafsirkeun.

Anapon anu baris didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh nya éta ngeunaan analisis dékonstruksi dina kumpulan carpon “*Serat Sarwasatwa*” karya Godi Suwarna.

3.2 Teknik Panalungtikan

Istilah teknik asalana tina kecap *tekhnikos*, basa Yunani nu hartina alat (Ratna, 2004:37). Tehnik mangrupa unsur nu kawilang penting dina panalungtikan. Nurutkeun Vredenbreght (dina Ratna, 2004:37) teknik ogé raket patalina jeung data primer. Dina ieu panalungtikan, tehnik nu digunakeun nya éta

1) tehnik ulikan pustaka, jeung 2) tehnik analisis data kana sumber-sumber pustaka nu dianggap ngarojong kana ieu panalungtikan. Sangkan leuwih écés, éta dua téhnik baris dipedar ieu di handap.

3.2.1 Tehnik Ulikan Pustaka

Tehnik ulikan pustaka atawa tehnik studi pustaka téh mangrupa téhnik nu ngulik, ngimeutan jeung niténan sajumlahing sumber pustaka, saperti buku, dokumen jeung sumber tinulis séjénna nu raket patalina jeung panalungtikan (Arikunto, 2010:206). Dina ieu panalungtikan, sumber pustaka anu pangheulana diulik, diimeutan jeung dititénan eusina téh nya éta dokumen kumpulan *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna. Salian ti éta, dina ieu panalungtikan ogé aya sumber pustaka séjén nu baris diulik, diimeutan jeung dititénan sarta bakal ngarojong kana panalungtikan saperti buku-buku nu medar ngeunaan metode panalungtikan sastra, carpon jeung analisis dékonstruksi.

3.2.2 Tehnik Analisis Data

Tehnik analisis data miboga pancén pikeun milah jeung milih data nu kapanggih tina sumber pustaka saperti dokumén, buku atawa sumber tinulis séjénna (Moleong dina Hadiansah, 2006:56). Dina ieu panalungtikan, tehnik analisis data téh baris dipaké pikeun ngaguar data atawa téks nu kapanggih dina carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna. Ku kituna, ieu tehnik téh bisa ogé disebut tehnik analisis téks. Leuwih jéntréna, sanggeus carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna dibaca, tuluy dipaluruh téks-téks nu ngarojong tur nuduhkeun déskripsi judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan. Sanggeus kitu tuluy maluruh, ma'na dékonstruktifna. Pamungkas, nya éta maluruh indikator mikir dékonstruksi Godi Suwarna dumasar kana ma'na dékonstruktif judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan, latar sarta galurna. Lamun geus kapanggih, tuluy nyieun kacindekan hasil analisis.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:203), instrumén nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéannana leuwih gampang, jeung hasilna alus, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung ngéntép seureuh. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta slip data. Slip data digunakeun pikeun ngababarikeun milih jeung milah data anu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan (Andriansyah dina Yuanita, 2011:41).

Tabel 3.3

Conto Slip data

No :.....
1. Judul:.....
2. Sinopsis:.....
3. Tokoh jeung panokohan :.....
4. Puseur Implengan :.....
5. Latar :.....
6. Galur :.....


3.4 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta sagala hal boh téks boh nontéks, nu dijadikeun sumber panalungtikan (Moleong, 1991:113). Nurutkeun Arikunto (2010:172) nu dimaksud sumber data panalungtikan nya éta ti mana datangna data. Dumasar kana hal éta, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulna carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna nu ngawengku tilu belas judul nya éta *Suluk Mahasukma* (kaca 14-31), *Serat Sarwasatwa* (kaca 32-41), *Serat Smaradhana* (42-59), *Apanjang-Apunjung* (kaca 60-66), *Serat Kala Mesat* (kaca 67-74) *Lung-Leng* (kaca 75-80), *Séwang-séwang* (kaca 81-86), *Karamat Kuwu Karamat* (kaca 87-93), *Bruk-Brak* (kaca 94-100), *Karunya Nya* (kaca 101-106) , *Gur-Ger* (kaca 107-112), *Tik-Tek* (kaca 113-119), *Gusti-Gusti* (kaca 121-127).

3.4.1 Idéntitas Buku Kumpulan Carpon *Serat Sarwasatwa*

Gambar 3.4

Cover buku kumpulan
carpon Serat Sarwasatwa



Serat Sarwasatwa mangrupa buku kumpulan carpon karya Godi Suwarna, nu dipedalkeun ku pamedal Geger Sunten taun 1995.

Kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* kandelna 127 kaca. Di jerona ngamuat tilu belas judul carpon, nya éta *Suluk Mahasukma* (kaca 14-31), *Serat Sarwasatwa* (kaca 32-41), *Serat Smaradhana* (42-59), *Apanjang-Apunjung* (kaca 60-66), *Serat Kala Mesat* (kaca 67-74) *Lung-Leng* (kaca 75-80), *Séwang-séwang* (kaca 81-86), *Karamat Kuwu Karamat* (kaca 87-93), *Bruk-Brak* (kaca 94-100), *Karunya Nya* (kaca 101-106), *Gur-Ger* (kaca 107-112), *Tik-Tek* (kaca 113-119), *Gusti-Gusti* (kaca 121-127). Buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* kungsi dileler pangajén Hadiah Sastra Rancagé dina taun 1996.

3.4.2 Ringkesan Carita Kumpulan Carpon *Serat Sarwasatwa*

Kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* nyaritakeun rupa-rupa pasualan dina kahirupan sapopoé jeung kritik sosial tapi ditepikeun kalayan maké gaya suréalistik. Carita perang Baharatayudha anu kajadian lain mangsana. (*Suluk Mahasukma*), Wibisana nu ngelingan lanceuk-lanceukna Rahwana, Kumbakarna, jeung Sarpakanaka nu jadi rajaning angkara murka tapi daék ngabéla nu teu daya

muru karaton Amarta sarta ngarebut tahta Pandawa (*Serat Sarwasatwa*), Dewi Sinta nu mitresna Dasamuka, Raja Alengka nya éta Rahwana (*Serat Smaradhana*), Parikesit nu ngarobah sistim karajaan jadi republik, Parikesit jadi presiden jeung Dawala nu jadi wakilna. Parikesit jeung Dawala teu disaluyuan pangsiun ku masarakat. Tungtungna Parikesit jeung Dawala diudag-udag ku sakabéh rahayatna (*Apanjang-Apunjung*), Sang Maruti (Anoman) diutus ka Aléngka ku Sri Rama tapi kalah nyasar ngaliwatan lorong waktu ka Republik Hanjuang nu saéstuna dipingping ku Rahwana jeung Dewi Sinta dina wujud manusa (*Serat Kala Mesat*), Desa Tumaritis nu wargana pada-pada nyalonkeun Kuwu, sarta ahirna pamilihan kuwu ditangtukeun ku ayana Dangiang (*Lung-Leng*, Mang Léngsér nu ngabéwarakeun yén bakal aya Mundinglaya nu datang ti Jabaning Langit sarta mawa sabda tetekon hirup hurip pikeun nu rumingkang (*Séwang-séwang*), Kuwu Acah nu tetep jeneng jadi kuwu sanajan geus jadi layon nu sirahna guplak-gaplek (*Karamat Kuwu Karamat*), Kuwu Adud nu katarajang panyakit bisul medu (*Brak-Brak*), Markum nu dibélok ku Ki Kuwu sarta wargana sabab Markum dianggap ngadadak siwah (*Karunya Nya*), Kabayan nu ngarasa bosen jadi tokoh nu dianggap pikaseurieun ku masarakat tapi masarakat maksa sangkan Kabayan pikaseurieun nepi ka manéhna ngagantung manéh, masarakat tetep nganggap Kabayan keur ngabodor (*Gur-Ger*), ayana beker nu getihan sedengkeun tokoh Pa Kodir dijieun tina kabel jeung baud saperti robot (*Tik-Tek*), jeung guntrengna kalbu antara bebeneran (katuhu) jeung kagorengan (kenca) (*Gusti-Gusti*).

3.5 Wangenan Operasional

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun katerangan anu jelas ngeunaan istilah-istilah anu dipaké, hususna kekecapan anu dipaké dina ieu judul panalungtikan.

- 1) Analisis dekonstruksi nya éta istilah anu dipaké dumasar paham filsuf Jaques Derrida pikeun nyebut metode maca atawa nafsirkeun ma'na téks sastra atawa filsafat. Dekonstruksi ogé lain mangrupa prosedur metodologis, lantaran dékonstruksi ukur muka jeung méré jalan pikeun ngawangun

papahaman. Pikeun Derrida, dékonstruksi ogé mangrupa hiji prosés nyusun harti, nyusun papahaman katut pangwangun proposisi dina aktivitas mikir manusa anu langsung jeung tuluy tumuluy.

- 2) Iskandarwassid (2010, 113) méré katerangan yén carita pondok (carpon) mangrupa karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Galur caritana rélatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana kajadian utama, mangrupa hiji episodeu. Palakuna ogé ukur dua atawa tilu. Umumna mah jejer, latar (setting) jeung kajadian carita téh diolah tina alam kahirupan kiwari.
- 3) *Kumpulan Carpon Serat Sarwasatwa* mangrupa kumpulan carpon karya Godi Suwarna anu ngamuat 13 carpon.

3.6 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah garapan dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi opat tahap, nya éta 1) tatahar, 2) ngumpulkeun data, 3) nganalisis data, 4) nyieun kacindekan jeung 5) nyieun laporan. Sangkan écés kalima tahap léngkah garapan panalungtikan dh baris dipedar ieu di handap.

3.6.1 Tatahar

Dina ieu tahap, léngkah-léngkah garapan téh saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun sumber pustaka atawa buku-buku nu aya patalina jeung baris ngarojong kana ieu panalungtikan, di anatarana buku-buku nu medar ngeunaan metode panalungtikan sastra, carpon jeung analisis dékonstruksi, jeung hususna buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna.
- 2) Macaan buku-buku nu gus dikumpulkeun.
- 3) Nyieun watesan jeung rumusan masalah.
- 4) Ngasongkeun judul panalungtikan.
- 5) Nyusun ngararancang proposal panalungtikan.
- 6) Konsultasi jeung ménta panyaluyuan ka dosén pangaping I jeung dosén pangaping II.

3.6.2 Ngumpulkeun Data

Réngsé tahap tatahar, nincak kana tahap ngumpulkeun data. Data ieu panalungtikan téh nya éta téks-téks dina carpon nu geus dipilih dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna pangpangna anu ngarojong tur nuduhkeun déskripsi judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan minangka pangrojongna. Léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Maca kegeblengan leunjeuran carita tiap carpon dina buku kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi, jeung;
- 2) Nangtukeun struktur carpon nu rék dianalisis, leuwih jéntréna nya éta téks-téks nu ngarojong tur nuduhkeun déskripsi judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan, latar, jeung galur minangka pangrojongna.

3.6.3 Nganalisis Data

Sanggeus data nu kapanggih dikumpulkeun tuluy dianalisis dumasar téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah nganalisis data téh dipedar ieu di handap.

- 1) Niténan deui kageblengan data;
- 2) Milah jeung milih data;
- 3) Nyirian data nu nuduhkeun tur ngarojong déskripsi judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan latar, jeung galur minangka pangrojongna;
- 4) Maluruh ma'na dékonstruktif judul dina carpon nu dianalisis dumasar analisis dékonstruksi maké raraga oposisi binér;
- 5) Maluruh ma'na dékonstruktif tokoh jeung panokohan dina carpon nu dianalisis dumasar analisis dékonstruksi maké raraga oposisi binér;
- 6) Maluruh ma'na dékonstruktif puseur implengan dina carpon nu dianalisis dumasar analisis dékonstruksi maké raraga oposisi binér;
- 7) Maluruh ma'na dékonstruktif Godi Suwarna ditilik tina ma'na dékonstruktif judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan minangka pangrojongna dina carpon nu dianalisis.

3.6.4 Nyieun Kacindekan

Tahap saterusna, nya éta nyieun kacindekan. Kacindekan hasil panalungtikan téh dirumuskeun sabada sakumna data geus réngsé dianalisis. Salian ti éta, dirumuskeun ogé saran-saran nu patali jeung lajuning panalungtikan.

3.6.5 Nyusun Laporan

Tahap pamungkas, nya éta nyusun laporan panalungtikan. Ieu laporan panalungtikan téh disusun dina wangun karya ilmiah skripsi. Salila nyusun skripsi, salawasna diaping ku dosén pangaping I jeung dosén pangaping II.

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan tahap nyusun laporan, éntép seureuhna bakal ébréh saperti ieu di handap.

LEMBAR PENGESAHAN

LEMBAR PERNYATAAN

ABSTRAK

PANGJAJAP

DAPTAR EUSI

DAPTAR GAMBAR

DAPTAR BAGAN

DAPTAR LAMPIRAN

BAB I BUBUKA

BAB II CARPON JEUNG ANALISIS DEKONSTRUKSI

BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN

BAB IV ANALISIS DÉKONSTRUKSI DINA KUMPULAN CARPON SERAT

SARWASATWA KARYA GODI SUWARNA

BAB V PANUTUP

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP